Өзбекстан Республикасы атынан

# ҲҮКИМ

2019-жыл 20-август Хожели районы

Жынаят ислери бойынша Әмударья районы судының баслығы С.Давлетмуратовтың басшылығында, судья жәрдемшиси Ш.Аметов, тәреплерден мәмлекетлик айыплаўшы - Хожели районы прокурорының жәрдемшиси Г.Машарипова, судланыўшының қорғаўшы адвокаты Н.Аллаберганова, судланыўшы [redacted] жәбиркеш [redacted]лардың қатнасында, жынаят ислери бойынша Хожели район судының имараты суд мәжилислер залында, ашық суд мәжилисинде, алдын ала тергеў уйымы тәрепинен Өзбекстан Республикасы Жынаят Кодексиниң 109-статьясы 2-бөлими менен айыпланған [redacted]тиң қарсысындағы №1-2306-1901/23 (№352361/2019-[redacted])-санлы жынаятлы исин қарады.

[redacted] 1977-жыл [redacted]-август күни Хожели районында туўылған, миллети өзбек, Өзбекстан Республикасы пуқарасы, мағлыўматы орта-арнаўлы, алдын судланбаған, семьялы, 5 перзенти бар, ўақтынша жумыссыз, Хожели районы, «[redacted]» АПЖ Таза база аўылы [redacted]-жайда жасайды, 2019-жыл 11-июль күни гиреў бас шарасы қолланылған.

Суд-суд мәжилисинде, судланыўшы, гүўалар ҳәм жәбиркештиң көрсетпелерин, мәмлекетлик айыплаўшының пикирлерин, қорғаўшы адвокаттың қорғаў сөзин, судланыўшының жарыс ҳәм ақырғы сөзлерин тыңлап, ис материаллары менен бирге салыстырып, тексерип шығып төмендегилерди

а н ы қ л а д ы:

Судланыўшы [redacted] 2019-жыл 8-июнь күни саат 2.00 лер шамасында өзиниң Хожели районы «[redacted]» АПЖ Таза база аўылы [redacted]-жайдың коридорында өзиниң өмирлик жолдасы [redacted]га «сен неге мен шақырғанда келмейсең», - деп оның менен өз-ара жәнжеллесип, өмирлик жолдасы [redacted]ның бет-алдына ҳәм басына қоллары менен бир неше мәртебе қастан урып, аяғы менен ийнине теўип дене жарақатын жеткерген, натийжеде пуқара [redacted] дене жарақатын алып емлеўханаға тускен.

Суд-медициналық экспертизасының 2019-жыл 14-июнь күнги 96-санлы жуўмағында пуқара [redacted] бас мийдиң жабық жарақаты, бас мийдиң шайқатылыўы, бастың шеп шеке бөлиминиң жумсақ тоқымасының мажығыўы, шеп бет жузи, шеп ийин бөлиминиң жарақатланыўы, ден-саўлығының 6 куннен көп 21 куннен көп болмаған муддетке бузылыўына алып келген «жеңил» дене-жарақатын алғанлығы көрсетилген.

Солай етип, [redacted] өзиниң жоқарыдағы ис ҳәрекетлери менен Өзбекстан Республикасы ЖКның 109-статьясы 2-бөлиминде көрсетилген жынаятты ислеген.

Судланыўшы [redacted]тың ислеген жынаяты төмендеги дәлийллердиң жыйындысы менен, яғный суд мәжилисинде судланыўшы [redacted]тиң айыбын толық мойынлап, «2019-жыл 8-июнь күни саат 22:30 ларда жумыстан уйге қайтып келгенин, уйине киргенинде өмирлик жолдасы [redacted] менен перзентлери отырғанын, өзи жорасы менен спиртли ишимлик ишип мас ҳалда келгенин, өмирлик жолдасы менен перзентлери аўқатланып болғанын, арадан бираз ўақыт өтип перзентлери менен өмирлик жолдасы бирге жатып қалғанын, өзи болса телевизор турған бөлмеде жатып уйықлап қалғанын, өзи шама менен тунги саат 2.00 лерде уйқыдан оянып кеткенин, сол уақытта өмирлик жолдасы [redacted] ҳәм перзентлери жатырған бөлмеге барып, бөлмениң есигин ашып [redacted] деп бир неше мәртебе шақырғанын, [redacted] оянып қасына келгенин, [redacted] өзине «сен неге ҳәмме ўақыт усындай ишип келесең, балалардың көзинше бақырасаң» деп шаўқым шығарып жаман сөзлер менен ақыретлегенлигин, өзи [redacted]ны тынышландырмақшы болып қой балалар ояныпкетеди дегенин, бирақ Замира және шаўқым шығарып өзин ақыретлейбергенинен, соннан кейин өзи ашыўланып Замраның бетине шапалығы менен бир мәртебе урғанын, сол ўақытта екинши қызы [redacted] ояныпкелгенин, өзи Замраны сол уақытта және бир мәртебе шапалағы менен урғанын, сол уақытта [redacted] полға жығылғанын, [redacted] полға жығылған ўақытта бели есиктиң қырына тийгенин, соннан кейин [redacted] менен қызы [redacted] сыртқа қашып шығып кеткенин, олардың изинен өзи де сыртқа шыққанын, олар иниси [redacted]диң уйиниң жанында турғанын, жақын иниси [redacted] барлығын, оларға журиң уйге деп айтқанын, бирақ [redacted] менен қызы асфальт жолға қарап кетип қалғанын, бираздан соң қайын атасы келип өмирлик жолдасы ҳәм перзентлерин алып шығып кеткенин, айыбын толық мойынлайтуғынын, ислеген исинен пушайман екенлигин, кеширим сорайтуғынын, жеңил жаза бериўди сорайтуғынлығы»-ҳаққындағы көрсетпеси менен;

Жәбиркеш [redacted]ның «өзи 2019-жылы 7-июнь куни саат 23.30лар шамасында перзентлери менен уйинде отырған ўақтында өмирлик жолдасы [redacted] уйине спиртли ишимлик ишкен мас халында келгенин ҳәм телевизор көрип жатып уйықлап қалғанын, сол ўақытта өзиде перзентлери менен бирге жатып уйықлап қалғанын, саат 02:00лер шамасында [redacted] уйқыдан оянып, өзлери перзентлери менен уйықлап жатырған бөлмеге барып, өзине “сен неге мен шақырғанда келмейсең” деп өзин ақыретли сөзлер менен сөгип кеткенин, өзи балалар уйықлап атыр, ояныпкетпесин, басқа бөлмеген шығайық деп айтып есикти әсте жаўғанын, сол уақытта өмирлик жолдасы [redacted] есикти бир неше мәртебе қатты ашып жаўғанын, шаўқым шығарып, ҳәр турли жаман сөзлерди айтып ақыретлегенин, кейин Икрам перзентлери уйықлап жатырған бөлмеге кирип стенкада турған балалардың кийимлери титкилеп таслағанын, өзи балалардың кийимлерин титкилеме жур басқа бөлмеге шығайық деп айтқанын, сол уақытта [redacted] бет жүзине аяғы менен бир мәртебе теўип жибергенин, өзи полға жығылып тускенин, бет

алдына қолы менен бир неше мәртебе урып, аяғы менен қарынларына теуип таслағанын, сол ўақытта перзентлери оянып кетип ажыратпақшы болғанын, өзи еплеп коридорға қашып шыққанын, сол ўақытта Икрам изинен коридорға шығып бет алдына, қарнына урып теуип таслағанын, өзи сол ўақытта еплеп қашып шыққанын өзи менен бирге қызы [redacted]да шыққанын, сол уақытта шаўқымды еситип, қоңсы туратуғын қайниси [redacted] менен [redacted] келип [redacted]ға қояғой жатағой деп айтқанын, [redacted] оларға да бақырып жибергенин, өзи қызы [redacted] менен сыртта жүргенин, анасы [redacted]ға қоңыраў етип болған ўақияны айтып бергенин, арадан бираз уақыт өтип әкеси [redacted] келип өзин перзентлери менен бирге үйине алып кеткенин, өзи азанда ҳәмме жери аўыра бергенинен соң емлеўханаға барып көрингенин, ҳам емлеўханада төрт кун жатып емленгенин, балларының да қорқытып жүрегин жарып болғанын, спиртли ишимлик ишсе болды жәнжел шығараберетуғынын, бир аўыз жыллы сөз айтып кеширимде сорамағанын, оған кеширим бермейтуғынын, нызамда көрсетилген жазасын бериўди сорайтуғыны»-ҳаққындағы көрсетпеси менен;

Буннан басқа, судланыўшы [redacted]тиң айыбы истиң 7-бетиндеги [redacted]ның арзасы, 9-12-бетлериндеги 2019-жыл 08-июнь күнги ўақыя болған жерди көзден өткериў баяннамасы, сызылмасы ҳәм фото-сүўретлери, 19-20-бетлериндеги суд медициналық экспертизасының [redacted]ның бас мийдиң жабық жарақаты, бас мийдиң шайқатылыўы, бастың шеп шеке бөлиминиң жумсақ тоқымасының мажығыўы, шеп бет жузи, шеп ийин бөлиминиң жарақатланыўы, ден саўлығының 6 куннен көп 21 куннен көп болмаған муддетке бузылыўына алып келген «жеңил» дене-жарақатын алғанлығы көрсетилген 96-санлы жуўмағы, 58-59-бетлериндеги жынаят исиниң айрым шахсларға қараған тәрепин қысқартыў ҳаққындағы қарары менен толық тастыйқланады.

Суд, дәслепки тергеў уйымы тәрепинен судланыўшы [redacted]тың ис ҳәрекетлери ЖКның 109-статьясы 2-бөлими менен дурыс квалификация етилген деп есаплайды.

Себеби, [redacted] 2019-жыл 08-июнь күни саат 02:00лерде өз үйинде өмирлиқ жолдасы [redacted]га «сен неге мен шақырғанда келмейсең» деп оның менен өз-ара жәнжеллесип, оның бет-алдына ҳәм басына қоллары менен бир неше мәртебе қастан урып, аяғы менен ийнине теўип суд-медициналық экспертизасының 96-санлы жуўмағында [redacted] ден саўлығының 6 куннен көп 21 куннен көп болмаған муддетке бузылыўына алып келген жеңил дене-жарақатын жеткергенлиги есапқа алынғанда ЖКның 109-статьясы 2-бөлими менен жуўапкершиликке тартылыўы тийис деп есаплайды.

Суд, судланыўшы [redacted]қа жаза тайынлағанда, оның жасаў орнынан унамлы минезлемеге ийе екенин, айыбын толық мойынлап, пушайман болып отырғанын айыбының жеңиллестириўши жағдайлары деп, ал жынаятты ислегенликте айыбын аўырластырыўшы жағдайлары жоқ деп табады.

Сонын менен бир, қатарда, суд [redacted]тиң шахсын ҳәм ислеген жынаятының жәмийетлик қәўиплилик дәрежесин итибарға алып оған

ЖКның 109-статьясы 2-бөлими санкциясы шеңберинде дүзетиў иси жазасын тайынлаўды лазым табады.

Ҳүким нызамлы күшке киргеннен соң [redacted]ке белгиленген бас шарасы бийкар етилип, ҚР ИИМниң АК «Хамкорбанк» Нөкис филиалында сақлаўлы турған 4.500.000 сум гиреў пуллары [redacted]ке қайтарылып берилиўин лазым табады.

Суд, судланыўшы [redacted]тан жәбиркеш [redacted]ның пайдасына 17.500 сўмлық материаллық зыянды өндириўди, қызығыўшы тәреплерге ис бойынша басқада жеткизилген материаллық ҳәм мораллық зыянларды өндириў жүзесинен пуқаралық суд ислерин жүритиў тәртибинде даўа қозғатыў ҳуқықы бар екенлиги түсиндириўди лазым табады.

Жоқарыдағыларды итибарға алып ҳәм ЖПК 454-457, 460, 462, 463, 465-468, 471-473-статясын басшылыкка алып суд

ҳ ү к и м  е т т и:

Судланыўшы [redacted] Өзбекстан Республикасы Жынаят Кодексиниң 109-статьясы 2-бөлими менен айыплы деп табылсын.

Судланыўшы [redacted]ке Өзбекстан Республикасы Жынаят Кодексиниң 109-статьясы 2-бөлими менен ҳәр ай сайын айлық ис ҳақысының 10% мәмлекет пайдасына услап турыў жолы арқалы 1 (бир) жыл мүддетке дүзетиў иси жазасы тайынлансын.

Тайынланған дүзетиў иси жазасын жазаның бул түриниң орынланыўын қадағалаўшы уйымлар белгилеп берген жеринде өтесин, жазаны өтеў мүддети жумыс ислеп баслаған күннен баслап есаплансын.

Ҳүким нызамлы күшке киргеннен соң [redacted]ке белгиленген бас шарасы бийкар етилип, ҚР ИИМниң АК «Хамкорбанк» Нөкис филиалында сақлаўлы турған 4.500.000 сум гиреў пуллары И.Ауезимбетовке қайтарылып берилсин.

Судланыўшы [redacted]тан жәбиркеш [redacted]ның пайдасына 17.500 сўмлық материаллық зыян өндирилсин.

Қызығыўшы тәреплерге ис бойынша басқада жеткизилген материаллық ҳәм мораллық зыянларды өндириў жүзесинен пуқаралық суд ислерин жүритиў тәртибинде даўа қозғатыў ҳуқықы бар екенлиги түсиндирилсин.

Ҳүкимге наразы болған судланыўшы ҳәм жәбиркеш ҳүким көширмесин алған күннен баслап 10 сутка ишинде, ал ис бойынша басқа тәреплер ҳүким жария етилген күннен баслап сол мүддетте усы суд арқалы Қарақалпақстан Республикасы жынаят ислери бойынша судына апелляциялық арза, прокурор протест келтириўге яки ҳүким нызамлы күшине енгеннен кейин судланыўшы, жәбиркеш ҳәм тәреплер усы суд арқалы Қарақалпақстан Республикасы жынаят ислери бойынша судына кассациялық тәртипте арза, прокурор протест келтириў ҳуқықы бар екенлиги түсиндирилсин.

Басшылық етиўши :- С.Давлетмуратов